**REZYUME.** Dastlab, raqs so‘z va musiqa bilan birlikda bo‘lgan, lekin asta-sekin barqaror shakllarga ega bo‘lib, sinkretik san'atdan ajralib chiqa boshlagan. Harakatlar o‘zgardi, badiiy umumlashtirishga duchor bo‘ldi, natijada xalq amaliy san’atining eng qadimgi ko‘rinishlaridan biri bo‘lgan raqs san’ati shakllandi. Raqs san’atining asosiy ekspressiv vositalari – uyg‘un harakatlar va duruşlar, plastik ekspressivlik va mimika, dinamika, harakat tempi va ritmi, fazoviy naqsh, kompozitsiya.

**РЕЗЮМЕ.** Изначально танец находился в единстве со словом и музыкой, но постепенно стал отделяться от синкретического искусства, приобретая устойчивые формы. Движения видоизменялись, подвергались художественному обобщению, в результате чего формировалось искусство танца, одно из древнейших проявлений народного творчества. Основными выразительными средствами танцевального искусства являются слаженность движений и поз, пластическая выразительность и мимика, динамика, темп и ритм движения, пространственный рисунок, композиция.

**SUMMARY.** Initially, the dance was in unity with the word and music, but gradually began to separate from the syncretic art, acquiring stable forms. The movements changed, were subjected to artistic generalization, as a result of which the art of dance was formed, one of the oldest manifestations of folk art. The main expressive means of dance art are harmonious movements and postures, plastic expressiveness and facial expressions, dynamics, tempo and rhythm of movement, spatial pattern, composition.

UDK.90-91. 2938 (2023)

# DRAMA HÁM MUZÍKALÍ DRAMA JANRLARÍNÍŃ RAWAJLANÍWÍ

**A.Zamatdinov** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** Teatr san’ati, spektakl, milliy kolorit, rejissyor, dekoratsiya, musiqa, tarixiy unsurlar, xalq qo‘shiqlari, og‘zaki xalq amaliy san’ati.

**Ключевые слова:** Театральное искусство, спектакль, национальный колорит, режиссёр, декорация, музыка, исторические элементы, народная песня, устное народное творчество.

**Key words:** Theatrical art, performance, national color, director, decoration, music, historical elements, folk song, oral folk art.

XX ásirdiń II yarımında qaraqalpaq kórkem ónerinde kóplegen jetiskenlikler payda bola basladı. Sol dáwirde qaraqalpaq draması hám muzıkalı draması hár tárepleme rawajlanıp hám usı tarawdıń repertuarları keńeyip bara basladı. Milliy dramaturgiyamız rawajlandı.

S.Xojaniyazov, P.Tilegenov, T.Seytjanov, T.Jumamuratovlar pнesaları repertuardan keń orın aldı. Bul jılları tiykarınan urıstan keyingi qayta qurıw dáwirindegi temalarǵa baǵıshlandı.

Milliy dramaturglerimiz benen birge jáhán dramaturgleriniń klassikalıq shıǵarmaları orın aldı. N.Ostrovskiydiń «Jarlılıq ayıp emes», K.Simonovtıń «Russ máselesi», B.Lavrentievtiń «Amerika hawazı», U.Gadjibekovtıń «Qızı gúl», N.Gogoldiń «Revizor», I.Frankonıń «Urlanǵan baxıt», Molyerdiń «Tortyuv», T.Jalilovtıń «Aftobxon», M.Levievtiń «Altın kól» dramalıq shıǵarmaları orın aldı. Bul shıǵarmalar saxnada qoyılıwı ushın atqarıwshılarǵa bolǵan talap kúshli boldı. Sebebi olar drama hám muzıkalıq drama bolǵan eki túrli janrdı da teńdey alıp barıwı kerek edi. Yaǵnıy hárbir artistten bir waqıttıń ózinde hám aktyorlıq uqıbı hám qosıq aytıw sheberligi talap etildi. [1. Abdusamatov, B.87] Usı eki tarawdıń rawajlanıwına baylanıslı muzıkada birneshe janrlar payda bola basladı. Muzıkalı drama janrında A.Xalimov penen J.Shamuratovlardıń úlesi girewli J.Shamuratov milliy muzıkalarımızdı duwtarda shertip, xalqımızdıń úrp-ádetlerin, dástúrlerin A.Xalimovqa úyretse, ol bul muzıkalardı notaǵa kóshirip, birgelikte professional namalar dóretedi. Usı sebep birgelikte kóplegen spektakllerge muzıkalar jazadı hám sol waqıtları A.Xalimov teatrdıń bas derijyorı etip tayınlanadı. Sol jılları A.Xalimov hám J.Shamuratov «Aygúl-Abat», «Súymegenge súykenbe», «Berdaq» muzıkalı komediya hám dramalarına muzıka jazadı, A.Xalimov J.Aymurzaevtıń «Aral qızı», «Ámiwdárya boyında», S.Xojaniyazovtıń «Jas júrekler», A.Begimov hám T.Allanazarovtıń «Gárip-Ashıq» pyesalarına muzıka dóretedi. N.Dáwqaraevtıń «Alpamıs» pyesasına V.Shafrannikov ólmes muzıka dóretedi.

1942-jılı saxnalastırılǵan bul spektakl urıs jıllarında xalıqta patriotlıq sezimdi oyatıp, jeńiske isenimdi ruwxlandırıp otıradı. V.Shafrannikov sonıńday xalıqshıl muzıkalar dóretip ruwxıy azıq

beredi. Spektakl ariyaların búgingi kúnimizge shekem qosıqshılarımız tárepinen aytılıp kelmekte. [2. Bayandiev T, Ikromov H, Ahmadjonova M., B.287] 1955-jılı Tashkenttegi teatr institutınıń aktyorlıq bóliminiń birinshi pitkeriwshiler Sh.Óte-muratov, Z.Piyazov, B.Tursınov, A.Xojanazarov, A.Juzimbetov, A.Juginisov, A.Abdaliev, K.Zarım-betovlar teatrǵa kelip jumıs baslaydı.

Institcttıń aktyorlıq fakultetin pitkerip kelgen bir topar qánigeler, teatrımızdıń saxnalıq mádeniyatın jáne de joqarıraq jetilistiriwge hám muzıkalı dramanıń rawajlanıwına ózleriniń salmaqlı úlesin qostı. 1957-jılı Tashkent qalasında qaraqalpaq ádebiyatı hám mádeniyatı kúnleriniń 10 kúnligin ótkeriw ushın birqansha shólkem-lestiriwshilik ilajlar qabıl etiledi. Bul 10 kúnlikti tayarlaw ushın Ózbekstan kóleminen kompozitor, xudojnik, muzıkant, baletmeystr, rejissyor, kórkem óner sheberleri mirát etildi.

1958-jılı Ózbekstan kompozitorlar awqamınıń Qaraqalpaqstan bólimin shólkemlestiriw komiteti dúzildi. Solay etip XX ásirdiń II yarımınıń basında-aq qaraqalpaq muzıkalı drama janrı hár tárepleme jańalanıwdı hám rawajlanıwlardı basınan keshirdi. XX ásirdiń II yarımında qaraqalpaq muzıkalı drama janrı rawajlanıp onda «Súymegenge súykenbe», «Aygúl-Abat», «Berdaq», «Ǵarip-Ashıq», «Rawshan» pyesaları saxnaǵa qoyılıp xalıqqa inám etildi. Bul saxnalastırılǵan shı-ǵarmalar sol dáwirdegi muzıkalı drama janrınıń eń joqarı shıńı bolıp tán alındı. Bul pyesalardıń muzıkaları tek teatr saxnasında ǵana emes, al basqa da atqarıwshılardıń jeke repertuarınan orın alıp, xalıq arasında en jayıwına sebep boldı. Jáne de bul shıǵarmalar arqalı qaraqalpaq muzıka ónerinde uvertyura, ansambl, oyın, kóp dawıslı xorlar payda boldı. [3. Raxmonov M.P., B.54]

Bul janrdı rawajlandırıwda kompozitorlar kóplegen xalıq namalarınan paydalanadı. Olar xalıq namaların qayta islep, garmoniyasın bayıtıp kórkemligi jaǵınan quramalı bolǵan shıǵarmalardı dóretedi. Pyesanıń mazmunın tamashagóyge tásirli etip jetkerip beriw ushın kompozitorlar shıǵarmadaǵı konflikt soqlıǵısıwlardı hám qaharmanlardıń obrazına baylanıslı hár qıylı keypiyatların muzıka tilinde keń túrde hár qıylı boyawlar menen bayıtıp shıǵarmalar jazǵan. Bular arasında sol dáwirde Sapar Xojaniyazovtıń «Súymegenge súykenbe» komediyası jámiy-etshiligimizge keńnen belgili bolıp, xalqımızdıń súyikli shıǵarmalarınan boldı. «Súymegenge súykenbe» muzıkalı draması rejissyor tárepinen sheber saxnalastırılıwı hám aktyorlar tárepinen joqarı dárejede obrazlardı jaratıp beriwi shıǵar-manıń úlken tabıslarǵa erisiwine sebep boldı hám bul shıǵarma tek qaraqalpaq xalqına ǵana emes, al basqa da qońsılas xalıqlarǵa Tájikstan, Túrk-menstan, Qırǵızstan hám Xorezm ellerinde de tabıslı qoyılıp xalıqqa inám etildi. Usınday milliy muzıkalı dramalarımızdan orın alǵan dúrda-nalardan biri – bul dramaturg J.Aymurzaevtıń «Berdaq» pyesası esaplanadı. Bul shıǵarmada dramaturg juwap aytısıw, mereke baslaw, kát-qudalıq, daw sheshiw sıyaqlı sóz zergerleriniń dás-túrlerin kirgizip ótken. Bul dástúrler kompozitor ushın drama menen muzıkanıń baylanısın kúsheytiwde imkaniyatlar jaratıp berdi. Bul pyesanıń muzıkası J.Shamuratov hám A.Xalimov tárepinen jazılǵan. Pyesanıń dáslepki premyerası 1950-jılı, ekinshi premyerası 1957-jılı hám 1978-jılı Berdaq shayırdıń 150 jıllıq yubileyine arnap qoyıladı. Kompozitorlarımız filosofiyalıq tereń mazmunǵa iye kúshli shıǵarmanı dóretiwde kóplegen miynetler isledi. Bul shıǵarmada joqarı sheberlik penen qayta islengen xalıq namaları janrlı formalarda qáliplesip, tıńlawshıǵa estetikalıq zawıq baǵıshlaydı. Shıǵarmanıń joqarı dárejede dóretiliwi kompozitorlardan professionallıq hám úlken tájiriybeni talap etti.

Bul shıǵarmalar óz dáwirinde xalıqtı ruwxıy estetikalıq jaqtan ruwxlandırıwshı quralı bolǵan hám qaraqalpaq milliy muzıkalı dramasınıń rawajlanıwınıń dáslepki qádemleri boldı. 1961-jılı 1-mayda Yu.Mamutovtıń rejissyorlıǵında «Alpa-mıs» spektakli úshinshi mártebe saxnalastırıladı. «Sovet Qaraqalpaqstanı» gazetasınıń 1961-jılı 9-maydaǵı sanında járiyalanǵan «Alpamıs» atlı recenziyasında jazıwshı X.Seytov spektakllerdiń unamlı táreplerin kórsetiw menen birge, onıń tamashagóyler kewlinen shıǵa almaǵanlıǵın atap kórsetedi. [4. Umarov E., B.67-68] Shıǵarmanıń jarqın júzli bolıp saxnaǵa shıǵıwında onda obraz jaratqan aktyor, aktrisalardıń da xızmetleri salmaqlı boldı. Olar arasında Alpamıs rolin Marqabay Úsenov, Gúlparshın rolin Sarbinaz Annaqulovalar sol waqıtları jańa oqıw pitkerip kelgen jas qánigeler bolıwına qaramastan óz obrazların sheberlik penen atqara aldı.

Spektakldiń aldıńgı saxnalastırılıwlarınan jáne bir ózgesheliginiń biri shıǵarmanıń kórinisleri arasında jıraw namalarınan keńnen paydalanıldı.

Sebebi xalqımızdıń «Alpamıs», «Edige», «Shariyar», «Qoblan» hám basqa da dástanları búgingi kúnimizge shekem jırawlardıń reper-tuarları arqalı jetip kelgenligin keleshek áwlad iyeleri de biliwi úlken áhmiyetke iye.

Ótken ásirdiń 60-70-jıllarında qaraqalpaq adebiyatı menen kórkem óneri sonıń ishinde teatr da tez pát penen rawajlana basladı. Sebebi, Qara-qalpaqstannıń qaysı tarawın alıp qaramayıq, barlıq jerde jaslar ózleriniń jańa kózqarası ideyaları menen kirip kele basladı. Progressiv jaslar barlıq

tarawda burılıs jasay basladı. Olar endi ádebiyattıń, kórkem ónerdiń eski qálipte rawajlanıwın qálemedi. Ádebiyat tarawında T.Qayıpbergenov, I.Yusupovlardan keyin, K.Raxmanov, U.Xojanazarov, T.Matmuratov, Sh.Seytov sıyaqlı jazıwshı-shayırlar kirip kelgen bolsa, kórkem ónerige, teatrǵa Q.Abdreymov, B.Matjanov, N.Ansatbaev, P.Madreymov, R.Toreniyazov, D.Ranov, R.Saparova, A.Sharipov sıyaqlı talantlı jaslar xalıqqa tanıla basladı. [5. Usmonov R., B.87-88] Dramaturgler menen teatr, teatr menen tamashagóyler óz-ara dóretiwshilik qarım-qatnaslar, unamlı darejede jolǵa qoyıla basladı. Teatrǵa kelgen talantlı jaslar qaraqalpaq dramaturgiyasına qanatlanbawshılıq bildire basladı.

1975-jılı Respublikamız jazıwshılar awqamı menen birgelikte qospa majilis ótkerip, barlıq qálemi ısılǵan jazıwshı, shayırlardı jıynap, dramaturgiyaǵa jol-joba korsetip pyese jazıw kerekligin bildirdi. Jıynalıstan keyin jas rejissyor Quwatbay Abdireymov penen bolajaq dramaturg K.Raxmanov jane de sáwbetlesiwin dawam ettirip qalıp, «men pyesa jazsam teatrda qoyasız ba» dep soraw taslaydı. Q.Abdireymov «Sen pyesa jazıp qoymaǵan waqtımız boldıma» dep házil menen juwap beredi. Sol waqtaǵı jas shayır K.Raxmanovqa usı túrtki boldı ma, aradan jigirma kún ótip «Kelin» komediyasın teatrǵa tapsıradı. XX ásirdiń ekinshi yarımında muzıkalı drama janrında payda bolǵan shıǵarmalar ǵárezsizlik jıllarına kelip qayta saxnalastırılıp qaraqalpaq muzıka mádeniyatında óz rawajlanıw jolın dawam etip kiyatır.

Bul shıǵarmalar jańa rejissyurada, auırımları kompozitordıń muzıkaların qayta islengen jańa kórinislerinde hám de jas talantlı aktyor, aktrisalardıń saxnada jaratqan obrazlarında óz kórinislerin taptı.

1945-jılı dóretilip (1955, 1972, 1978, 2002) 2008-jılı A.Shamuratov, S.Xojaiyazov, A.Xalimovlar avtorlıǵında qayta islengen «Súymegenge súykenbe» muzıkalı draması kóp jıllardan berli teatr repertuarınan keń orın iyelep, xalqımızdıń súyikli shıǵarmasına aylanǵan dúrdanalarımızdıń biri.

Bul shıǵarmanı saxnalastırıwshı rejissyor N.Ańsatbaev, xudojnik I.Alibekov, dirijyor Q.Zaretdinov hám B.Otarbaev, baletmeyster A.Sharipov hám Z.Pirlepesova, xormeyster A.Tolepovalardıń miynetleri úlken boldı. Qaraqalpaq eliniń ullı klassik shayırı Berdaq babamızǵa arnap 1951-jılı (1958, 1978) muzıkalı drama dóretilip birneshe ret saxnaǵa qoyıldı. Ǵárezsizlik jıllarına kelip yaǵnıy, 2016-jılı Q.Zaretdinov hám Q.Matmuratovtıń avtorlıǵında bul drama qayta islenip saxnaǵa qoyıldı. [6. Urazmbetova L., B.189-190] Q.Zaretdinov hám K.Raxmanovlardıń avtorlıǵında dórelgen, tamashagóylerdiń súyikli shıǵarmasına aylanǵan «Laqqılar emlewxanada» atlı muzıkalı komediyası dáslep 1979, soń 1993-jılları saxnaǵa qoyıladı. Keyinshelik 2007-jılı bul shıǵarma qayta saxnalastırılıp, tamashagóylerge inám etilip úlken tabısqa iye boladı. Bunda saxna rejissyorı J.Sultabaev, xudojnik Z.Saypov, dirijyor Q.Zaretdinov, B.Otarbaevlar, baletmeyster A.Sharipov hám xormeyster A.Tólepovalar jumıs alıp bardı.

Eń dáslep 1976-jılı S.Palvanov, P.Tilegenovlar tárepinen dóretilgen hám 2010-jılı qayta saxnaǵa qoyılǵan «Hújdan» muzıkalı draması, 1980-jılı A.Muxamedov, Q.Bayseytov Q.Shańqıtbaevlar tárepinen dórelgen hám 2010-jılı qayta islengen «Úsh boydaq» muzıkalı komediyası, 2006-jılı S.Palvanov hám P.Tilegenovlar avtorlıǵında dórelgen «Kóleńke» muzıkalı draması, A.Tóremuratova hám K.Raxmanovlar avtorlıǵında 2005-jıl saxnalastırılǵan «Ólim jazası» muzıkalı draması, hám sonday-aq M.Shamxalov, Z.Bagirovlar tárepinen 2004-jıl dórelgen «Qáyin ene» muzıkalı dramaları ayrıqsha orın iyelep kelmekte.

## Ádebiyatlar


1. Abdusamatov H. "Drama nazariyasi". – T.: G'.G'ulom nomidagi adabiyot va san'at nashriyoti, 2000.
2. Bayandiev T, Ikromov H, Ahmadjonova M. "O'zbek teatrida milliy g'oya talqini" – T., 2009.
3. Raxmonov M.P. "Ўзбек театри тарихи". T.: Fan, 1968
4. Umarov E. "Teatrda badiiy obraz yaratishning estetik tamoyillari" – Toshkent, 2011.
5. Usmonov R. "Rejissura" – T.: Fan, 1997.
6. Urazmbetova L. "Aktyor sheberligi" 2019 j. T. Fan ziyosi.


**REZYUME.** Teatr – ma'naviyat ko'zgusi. Darhaqiqat, teatr chinakam ta'lim muassasasi bo'lgan madaniyatning ajralmas qismidir. Unda eng avvalo millat taqdiri, inson hayoti, milliy tashvish va shodlik aks ettirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** Театр - зеркало духовности. Действительно, театр это неотъемлемая часть культуры, являющейся подлинным учебным заведением. Прежде всего это отражает судьбу нации, человеческую жизнь, национальную тревогу и радость.

**SUMMARY.** Theater is a mirror of spirituality. The theater, which is an integral part of culture, is a genuine educational institution. First of all it reflects the fate of the nation, human life, national anxiety and joy.

***KINO HÁM DRAMATURGIYA***

## KINO HÁM TEATRDA MÁKÁN MUZÍKASÍ

**M.B.Abdreymov** - *assistent oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** ovoz, ovoz rejissyori, akustika, kino, teatr, texnologiya, mikrofon, muzika, aktyor, audivizual.

**Ключевые слова:** звук, режиссер, акустика, кино, театр, технология, микрофон, музыка, актер, аудиовизуальный.

**Key words:** sound, director, acoustics, cinema, theater, technology, microphone, muzika, actor, audivisual.

XXI ásir texnikalıq hám texnologiyalıq rawajlanǵan ásir. Qaysı tarawǵa názer taslasaq ta átirapta barlıq kásiplerde belgili ilimpazlardıń ilimiy jańalıǵı jańa dóretiwshilik hám ilimiy jaratıwshańlıqtıń gúwası bolamız. Ózbek hám qaraqalpaq kino hám teatr kórkem óneriniń buǵan baylanıslı tutqan ornı ayrıqsha bolıp tabıladı. Teatr hám kino tarawlarındaǵı ses rejissyorlıǵınıń búgingi kúnde tutqan ornı bolsa júdá quramalı processlerden esaplanıp óz ornında jańa ilimiy kóz qaraslardıń artıp barıwı kásiptiń sintezlesiwi menen bir qatar óz qıyınshılıqların hám barǵan sayın ilimiy hám dóretiwshilik, texnikalıq jańalıqlardıń mútájligin asırıp atır. Kásipte dawıs effektleri, dawıs bezetiwdegi ornı búgingi kúndegi turmısımızdıń bir bólegi bolıp úlgergen ekran kórkem ónerinde, kino kórkem ónerin olarsız kóz aldımızǵa keltiriwdiń ılajı bolmay qaldı. Bunı biziń aqlımız vizual túrde audionı esitpesten qıyalıy audio ónimdi pikir etetuǵın boldıq. Sebebi ápiwayı biz átirapimizdi seslersiz kóz aldımızǵa keltiriwdiń ilaji joq. Bul jaǵdaylar haqqında ilimpazlarımız da ózleriniń jumısların alıp barıp atır. Bul maqalada biz teatr hám kino kórkem ónerinde atmosferanıń jaratılıwı, onıń biz tamashagóylerge tereńrek tásiri yaǵnıy, hár túrli jaǵdaylarda paydalanatuǵın muzıka haqqında sóz etpekshimiz.

Saxnadaǵı háreketke muzıka hám shawqımlardı sinxron repeticiya dawamında saxnaǵa shıqqan kúninen baslanadı. Spektakl muzıkası tek ǵana emocional jaǵdaylardı súwretlep qoymastan, syujet rawajlanıwın hám keyipin bildiredi. Ses rejissyorı spektaklge muzıka tańlaǵanda hár bir tamashagóy sana-sezimine tásir kórsetiwden tısqarı muzıka dawısları menen kewilge kirip baradı. Tamashagóylerdi quwantadı, gózzallıqqa, jaqsılıqqa jeteklep estetikanıń gózzal álemine alıp kiredi. Ayırım waqıtları aktyordıń ishki monologların, ishki sezimlerin muzıka arqalı jetkerip beredi. Sol maqsetlerdi ámelge asırıw ushın teatrlarda ses rejissyorları spektakldegi kerekli jerde muzıkanı tańlap biliwleri shárt. Muzıkalı teatrlarda ses rejissyorlıǵınıń eń áhmiyetli tárepi bul – kompozitor, dirijyor hám atqarıwshılar járdeminde ortalıq til tabısıwı bolıp tabıladı. Qanday da bir kórkem shıǵarma ústinde dirijyor, jámáát, kompozitor menen jumıs baslar eken, ol jazǵan shıǵarmanıń tikarǵı mazmunın túsiniwi oǵada áhmiyetli. Ses rejissyorı sol miynettiń «mákan normaların» úyrenip shıǵadı.

«Mákan normaları» degenimizde, studiya hám zalınıń akustikalıq talapları, ses jazıw procesinde paydalanılıp atırǵan ásbap úskeneleriniń xarakteristikası túsiniledi. Bul obyektiv qaraslar bolıp tabıladı. Bunnan tısqarı, subyektiv qaraslar da bar. Oǵan ses rejissyorınıń orkestr menen islewi kiredi. Atqarıwshılar járdeminde islep, olardı ózine qaratıp, isendire alıwı kerek hám olardı boysındırıwı kerek. Biziń Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleket akademikalıq muzıkalı teatrımızda da birneshe ses rejissyorlari jumıs alıp barmaqta. Zaldıń ústi, saxnaǵa qarsı tárepi ses rejissyorları otıratuǵın arnawlı bólmeler bar. Ayna arqalı, saxnanı kórip otırıp spektakllerge kerekli orında muzıka yamasa shawqımlardı berip otıradı. Kóp jıllıq tariyxqa iye bul teatrda birneshe ustaz ses rejissyorları jumıs alıp barǵan.